## XIII. DEMOGRAFIYA

### Turaqlı xalıq sanı.

Qaraqalpaqstan Respublikasında turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1- oktyabr jaǵdayına 1970,6 mıń adamdı qurap, 2022-jıl basınan 22,1 mıń adamǵa yaki 1,1 % ke ósti. Sonday-aq, qala xalqınıń sanı 964,5 mıń adamdı (jámi xalıqiniń sanındaǵı úlesi 48,9 %), awıl xalıq sanı 1006,1 mıń adamdı (51,1 %) quraydı.

**Itibar beriń:**
**2022-jıl yanvar-sentyabr aylarında**

-Xalıq sanı **21,1 mıń adamǵa** kóbeydi.

-Tiri tuwılǵanlar sanı **30,9 mıń adamdı** quradı.

-Qaytıs bolǵanlar sanı **7,2** mıń adamdı quradı.

-Nekeler sanı **10,9** mıńdı quradı

Ajırasqanlar sanı **1,6** mıńdı quradı

**2022-jildiń**
**Yanvar-sentyabr aylarinda**

Jıl basına turaqlı xalıq sanı
**1 948 488 adam**
(2022-jıl 1-yanvar jaǵdayına)

**30,9** *mıń bala*
**Tiri tuwılǵanlar sanı**

**7,2** *mıń adam*
**Qaytıs bolǵanlar sanı**

**6,0** *mıń adam*
**Kóship kelgenler sanı**

**7,6** *mıń adam*
**Kóship ketkenler sanı**

Turaqlı xalıq sanı
**1 970 608 adam**
(2022-jıl 1-oktyabr jaǵdayına)

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı[1)]**
*(2022- jıldıń 1- oktyabr jağdayına mıń adam)*

| | *Jámi xalıq sanı* | *sonnan:* | |
|---|---|---|---|
| | | *qala xalqı* | *awıl xalqı* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 970,6** | **964,5** | **1 006,1** |
| Nókis q. | 333,4 | 333,4 | - |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 207,5 | 53,7 | 153,8 |
| Beruniy | 200,1 | 70,7 | 129,4 |
| Bozataw | 21,9 | 5,5 | 16,4 |
| Qanlıkól | 52,9 | 13,3 | 39,6 |
| Qaraózek | 54,0 | 16,4 | 37,6 |
| Kegeyli | 74,0 | 29,9 | 44,1 |
| Qońırat | 134,1 | 84,7 | 49,4 |
| Moynaq | 33,4 | 14,8 | 18,6 |
| Nókis | 52,6 | 10,7 | 41,9 |
| Taqıyatas | 76,1 | 54,5 | 21,6 |
| Taxtakópir | 40,8 | 17,1 | 23,7 |
| Tórtkúl | 223,8 | 84,5 | 139,3 |
| Xojeli | 126,9 | 80,9 | 46,0 |
| Shımbay | 114,8 | 58,9 | 55,9 |
| Shomanay | 57,4 | 15,0 | 42,4 |
| Ellikqala | 166,9 | 20,5 | 146,4 |

[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı**
*(1-oktyabr jaǵdayına mıń adam)*

| | *2021 j.* | *2022 j.* | *Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti %* |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 939,5** | **1 970,6** | **101,6** |
| Nókis q. | 327,4 | 333,4 | 101,8 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 203,7 | 207,5 | 101,9 |
| Beruniy | 196,4 | 200,1 | 101,9 |
| Bozataw | 21,8 | 21,9 | 100,5 |
| Qaraózek | 53,4 | 54,0 | 101,1 |
| Kegeyli | 73,4 | 74,0 | 100,8 |
| Qońırat | 132,2 | 134,1 | 101,4 |
| Qanlıkól | 52,1 | 52,9 | 101,5 |
| Moynaq | 32,8 | 33,4 | 101,8 |
| Nókis | 51,6 | 52,6 | 101,9 |
| Taqıyatas | 75,2 | 76,1 | 101,2 |
| Taxtakópir | 40,5 | 40,8 | 100,7 |
| Tórtkúl | 220,0 | 223,8 | 101,7 |
| Xojeli | 124,9 | 126,9 | 101,6 |
| Shımbay | 113,6 | 114,8 | 101,1 |
| Shomanay | 56,8 | 57,4 | 101,1 |
| Ellikqala | 163,7 | 166,9 | 102,0 |

**Yanvar-sentyabr aylarında xalıqtıń tábiyiy háreketi**

| | adam | | | hár 1000 adamǵa salıstırǵanda promille | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2021 j. | 2022 j.[1)] | ósiwi, azayıwı | 2021 j. | 2022 j.[1)] |
| Tuwılǵanlar | 28917 | 30863 | 1946 | 20,0 | 21,1 |
| Qaytıs bolǵanlar | 6597 | 7168 | 571 | 4,6 | 4,9 |
| Tábiyiy ósim | 22320 | 23695 | 1375 | 15,4 | 16,2 |
| Dúzilgen nekeler | 11256 | 10895 | -361 | 7,8 | 7,4 |
| Ajırasqanlar | 1090 | 1554 | 464 | 0,8 | 1,1 |

**Tuwılıw dárejesi.** 2022-jıl yanvar-sentyabr aylarında tuwılǵanlar sanı 30 863 adamdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine (28 917 adam) salıstırǵanda 1 946 adamǵa yamasa 6,7 procentke kóbeydi. Tuwılıw koefficienti sáykes túrde 21,1 promilleni quradı hám 2021-jıldıń usı dáwirine (20,0 promille) salıstırǵanda 1,1 promillege kóbeydi.

**Xalıqtıń tábiyiy háreketi koefficientleri**
*(yanvar-sentyabr aylarında) (1000 xalıq sanına salıstırǵanda, promille)*




Tuwılıw dárejesiniń kóbeyiwi respublikanıń barlıq aymaqlarında gúzetildi. Bul kórsetkishtiń joqarı dárejesi Nókis qalasında 18,7 dan 20,5 promillege, Beruniyda 20,1 dan 24,3 promillege, Tórtkúlde 20,1 den 21,9 promillege hám Ellikqalada 21,4 den 23,2 promillege kóbeyiwi gúzetildi.

---
[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Tuwılıw.** 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 30,9 mıń bala tuwılǵanlıǵı dizimge alınǵan bolıp, (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tek tiri tuwılǵanlar esapqa alınǵan) salıstırma jaǵdayda 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti 21,1 promilleni quradı hámde 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,1 promillege kóbeygenligi (2021-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 20,0 promille bolǵan) baqlandı.

**Maǵlıwmat ushın**

Tiri tuwılǵanlardan (dem alıw, júrek urıwı, kindik pulsaciyası, múskúllerdiń qalewsiz qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılg'an esaplanadı. Bunda ananıń hámledarlıq múddeti 22 hápte hám onnan artıq, balanıń boyı 25 sm hám onnan artıq, salmaǵı 500 gramm hám onnan artıq bolıwı lazım.

**Qala hám rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koefficienti**
(2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında)




**Ólimshilik dárejesi.** 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında qaytıs bolǵanlar sanı 7168 adamdı quradı hám 2021-jıldıń sáykes dáwirine (6597 adam) salıstırǵanda 571 adamǵa yaki 8,7 procentke kóbeydi. Ólim koefficienti 4,9 promilleni quradı (2021-jıldıń yanvar- sentyabr aylarında – 4,9 promille).

**2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ólimshilik sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlar sanı**
*(jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda procentte)*




**Ólimshilik koefficientleri**




Qaytıs bolǵanlıq koefficientleriniń kóbeyiwi Nókis qalasında (4,4 den 5,3 promillege), Qaraózekte (4,9 ten 5,9 promillege) Kegeylide (5,0 den 5,9 promillege) hám Bozataw rayonlarında (4,0 den 4,7 promillege) kóbeyiw gúzetildi.



**Neke.** 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında PXAJ organları tárepinen 10,9 mıń nekedizimge alındı saykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficenti 7,4 promilleni quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koefficienti**
*(2022-jıldıń yanvar-sentyabr jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)*




**Ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar- sentyabr aylarında PXAJ organları tárepinen 1,6 mıń nekeden ajırasqanlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasqanlıq koefficienti 1,1 promilleni quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde nekeden ajırasqanlar sanı hám koefficienti**

*(2022-jıl yanvar-sentyabr jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*




**Nekeler hám ajırasıwlar.** 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında PXAJ organlarında 10 895 nekeler hám 1554 ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırǵanda 7,4 neke (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 7,8) hám 1,1 ajırasıwlar (2021-jıldıń tiyisli dáwirinde – 0,8) tuwrı keledi.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasqanlar sanı**

*(yanvar-sentyabr aylarında, birlik)*

| | *Dúzilgen nekeler* | | *Nekeden ajırasqanlar* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2021 j.* | *2022 j.* | *2021 j.* | *2022 j* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **11256** | **10895** | **1090** | **1554** |
| Nókis q. | 2075 | 1837 | 215 | 346 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 1287 | 1212 | 106 | 133 |
| Beruniy | 1028 | 1173 | 68 | 143 |
| Bozataw | 130 | 115 | 13 | 14 |
| Qanlıkól | 319 | 254 | 22 | 49 |
| Qaraózek | 258 | 262 | 18 | 39 |
| Kegeyli | 462 | 356 | 41 | 45 |
| Qońırat | 819 | 946 | 99 | 121 |
| Moynaq | 183 | 156 | 7 | 26 |
| Nókis | 378 | 344 | 37 | 49 |
| Taqıyatas | 371 | 391 | 62 | 62 |
| Taxtakópir | 193 | 167 | 16 | 42 |
| Tórtkúl | 1201 | 1133 | 114 | 122 |
| Xojeli | 721 | 715 | 100 | 113 |
| Shımbay | 603 | 576 | 60 | 99 |
| Shomanay | 275 | 248 | 38 | 33 |
| Ellikqala | 953 | 1010 | 74 | 118 |

**Migraciya (Ishki hám sırtqı).** Dáslepki maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında Respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 6027 adam usı dáwirde kóship ketkenler sanı 7602 adamdı quradı.

**Xalıq migraciyası (adam)**

| | | 2021 jil yanvar-sentyabr aylarinda | 2022 jil yanvar-sentyabr aylarinda |
|---|---|---|---|
| | **Kóship kelgenler** | 9610 | 6027 |
| | **Kóship ketkenler** | 16169 | 7602 |
| +- | **Migratsiya saldosi** | -6559 | -1575 |

2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında migraciya saldosı minus 1575 adam (2021-jıldıń usı dáwirinde minus 6559 adam) ǵa teń boldı. Eń joqarı minus qaldıqları Shımbay (minus 378 adam), Kegeyli (minus 274 adam) hám Ámiwdárya (minus 272 adam) rayonlarında gúzetildi.

**yanvar-sentyabr aylarinda**

**Sanı, *mıń adam***








# Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday.



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2022-jıl 1- oktyabr jaǵdayına 333,4 mıń adamdı quraǵan bolsa, jıl basınan 4,4 mıń adamǵa yaki 1,3 % ke ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyiy háreketi**

*(1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

| 2021-jıl yanvar-sentyabr aylarında | 2022-jıl yanvar-sentyabr aylarında |
|---|---|
| **Tuwılıw** | |
| 18,7 | 20,5 |



2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 5,1 mıń bala tuwılǵan bolıp, usı dáwirge sáykes tuwılıw koefficienti 1000 alıqqa salıstırǵanda 20,5 promilleni quraǵan (2021-jıldıń usı dáwirine 18,7 promille bolǵan).

PXAJ organlarında 2022-jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 1837 neke hám 346 nekeden ajırasıwlar baqlandı.

1000 xalıqqa salıstırǵanda neke duziw koefficienti 7,4 promilleni qurap, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,1 promillege kemeydi (2021-jıldıń sáykes dáwirinde 8,5 promille bolǵan).

Nekeden ajırasıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 1,4 promilleni quraǵan bolsa, 2021-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,5 promillege kóbeydi. 2021-jıldıń sáykes dáwirinde 0,9 promille bolǵan.

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıwlar**

*(yanvar-sentyabr jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

